153 *Unonzwa Sei Nebasa Iri?*

(VaHebheru 13:15)

1. **Iwe unonzwa sei**
wadzidzisa nechido,
Waita basa rako
zvinobaya mwoyo?
Waedzawo zvese;
Mwari achapedzisa.
Anonzwisisa mwoyo
yevanomutsvaga.

(*KORASI*)
Tinofara tichimupa
mwoyo, pfungwa nenzwi redu.
Chibayiro chemiromo
ngachisambomira.

2. **Iwe unonzwa sei**
shoko rako rakwezva
Vane mwoyo inoda
upenyu chaihwo?
Vamwe vanoramba,
vamwe vanonyeperwa.
Kunyange zvakadaro
toda zita rake.

(*Korasi*)

3. Iwe unonzwa sei,
Mwari amire newe,
Kuti akapa iwe
basa redu iri?
Todada kuenda
neushingi, nenyasha,
Kunotsvaga vanoda;
tava kuzopedza.
(*Korasi*)

© 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

(Onawo Mab. 13:48; 1 VaT. 2:4; 1 Tim. 1:11.)